Ассаламу гьалайкум!

# Гьидаль

ГЬИДЕРИЛ ЖАМГIИЯБ ГАЗЕТА. ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1991 СОНАЛЪУЛ МАЯЛДА. 2012 ИЮЛЬ

# Жидей къулулезда, жал къулулезда Жаниб сири балеб гъалбацIил балай..



**НОМЕРАЛДА:**

ХирамухIамад АХБЕРДИЛОВ:

**- Суракъатил гIадаб хасият-гIамал гьабун бажаричIониги, гьанжесел гIолохъабазе мех щун буго, гьев инсанас нахъе тарабщинаб лъикIалдаса мисалги босун, метерисеб къоялъул пикру гьабизе...**

**3 ГЬУМ**

Сайгидпаша ГIУМАХАНОВ:

**- Кинав президент гъове вачIаниги, гъосие батIалъи букIинчIо, бокьарав президентгун живго президент гIадаб даражаялда кIалъазеги кIалъалаан, гъодин суалалги тIуразарулаан гъос...**

**4-5 ГЬУМ**

ШахгIабас ШАГЬОВ:

**- ГьабсагIат нижее гIолев гьечIо Суракъат депутатазул корпусалда. Эмен вукIана гъов нижер киназулго. Бищунго захIматаб суал ккани, гъоба кин гъоб абизе лъалареб мехалъ, киназго абулаан гьеб Суракъатида абизе кколилан. Гъосулги букIунароан нахъе къай...**

**6-7 ГЬУМ**

# Бечелъи, чиналъухъ чилъи хисичIев...



**Гъаб соналъул июлалда гIумруялъул 80 сон тIубалаан нилъер ракьцояв, авар халкъалъул къадруяв инсан, цIар рагIарав политикиявгун жамгIияв хIаракатчи Суракъат ХIавалович Асиятиловас. Араб соналъул 14 апрелалъ Аллагьасул къадар щун нилъедаса ватIалъана гьев гьайбатав магIарулав.**

**ГIадатияб халкъалъе гьес гьабраб кумек цIакъго кIудияб буго. Гьединго кIудияб буго республикаялъул гIумруялъулъ Суракъатица лъураб бутIа. Халкъазул ракIазулъ ва Дагъистаналъул тарихалда жанив даимго хвел гьечIевлъун хутIила гьев.**

Суракъат Асиятилов гьавуна 1932 соналъул тIоцебесеб июлада ГIурада росулъ.

**1939-1946** соназ цIалана ГIурада, анкьго сонилаб школалда.

**1947-1950** соназ гьоркьохъеб лъай гьес босана КъахIиб школалада.

**1950-1955** соназ Суракъат Асиятилов учительлъун хIалтIана ГIурада анкьго сонилаб школалда.

**1955-1960** соназ гьес цIалун лъугIизабуна Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул историялъул факультет.

**1960-1963** соназ Суракъат Асиятилов цIалана СССРалъул Дагъистаналда бугеб гIелмияб академиялъул филиалалъул аспирантураялда.

**1963-1968** соназ гьев хIалтIана Дагъистаналда бугеб СССРалъул этнографиялъул ва археологиялъул филиалалда гIелмияв хIалтIухъанлъун.

**1968-1969** соназ нухмалъи гьабуна ДГУялъул физкультураялъул кафедраялъе.

**1969** соналъ историялъул факультеталъул доцент Асиятилов вахъана профессорлъиялъул борхалъуде.

**1991** соналъ нилъер районалъул халкъалъ Суракъат Асиятилов вищана Дагъистан Республикаялъул халкъияб собраниялъул депутатлъун. 1992 соналдаса нахъе гьес нухмалъи гьабуна Дагъистаналъул исламалъул партиялъе.

1994 соналдаса 2011 соналде щвезегIан Суракъатица нухмалъи гьабуна Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул комитеталъе. Спорталъул, политикаялъул ва жамгIияб нухда Дагъистаналъул нус-нус наслабазе мисаллъун хутIулеб лъалкI тарав Суракъат Асиятиловасул рикIкIен гIемерал руго щварал мустахIикъал цIарал, тIадегIанал шапакъатал, гIелмияб хIалтIул даража.

Спорталъул рахъалъ Суракъат Асиятилов машгьурлъана жеги студентлъун вугеб соназго. Гьев вукIана эркенаб гугариялъул ва самбоялъул рахъалъ спорталъул мастер, самбоялъул рахъалъ Дагъистаналдаса СССРалда вахъарав тIоцевесев чемпион

1998 соналъ гIелмияб, педагогикияб бутIаялда бихьизабураб цебетIеялъулъ Суракъат Асиятилов мустахIикълъана "Россиялъул Федерациялъул тIадегIанаб школалъул мустахIикъав хIалтIухъан" абураб цIаралъе. Республикаялъул анцIанцI гIелазул гIураб ракьалде хIурмат цIикIкIинабуна профессор Суракъат Асиятиловас Дагъистаналъул пачалихъияб университеталда Дагъистаналъул тарихалъул кафедраялда дарсал кьолаго.

КIудияб ками ккана нилъер миллаталъеги тIолабго Дагъистаналъеги. Суракъат Асиятиловас гIадатияб халкъалъе гьабураб кумекги, Республикаялъул гIумруялда гьес лъураб къиматаб бутIаги хвел гьечIого хутIила халкъазул ракIазулъ ва Дагъистаналъул тарихалда.

## Пашманаб ругьел

***( Суракъат Асиятилов ракIалде щвеялъе)***

НекIсияб гьидерил кьурул каранлъе
КьватIел ккана жакъа, жагъаллъана кьучI!
Кьварараб гIамалалъ, кьучIаб рагIуца
ГIаламалда лъарав лъун вуго къаникь.

Дир пахруяб миллат, гьидерил тIалъи,
Ками кIудаб бугеб щун буго ругьел.
Ножор рохалие рагьараб керен
Ракьалда чIван бугин- бай гьанже чIегIер.

Иман загIиплъараб, чилъи чучараб
Заманалъул наслу, лъея магIирукъ!

Нужер гьара,гьая жаниб гьугьаялъ
Лъунин гьосул рекIелъ рикIарал ругьнал.

Жидей къулулезда, жал къулулезда
Жаниб гьар-гьар балеб гьалбацIил балай,
Балагьаб заманалъ, рекIкIаб низамалъ
РукIкIине гьабунин даимго нилъей..

Намусалъулъул къилба къосунгутIизе
Мисаллъун хутIила мун наслабазе!...

***ПатIипат ГЬИТIИНОВА***

Суракат АСИЯТИЛОВ:

*- Более 10 лет, как будто по чьему-то злому умыслу, идет разложение нашей молодежи. Алкоголизм, наркомания, проституция, продажа порнографической литературы, показ на ТВ пошлой, растлевающей душу кинопродукции несут угрозу нашему обществу. Особенно это оскорбляет и оскверняет наши горские мусульманские традиции и нравы...*

# Жиндиего зарал кколеб бугониги, гIадамазе лъикIлъи гьабулаан

ЗахIмат букIуна цIакъго рекIее гIагарал, вацгIан хириял, нилъедаса ратIалъарал гIадамазул бицине. ГьитIинаб махалдаса нахъего гIолохъанлъиги тIолабго гIумруги цадахъ ана Суракъатилги дирги. Умумузул ратарал, гIасрабаз нилъее тарал гIаданлъи, гIадатлъи, яхI-намус, инсанасул хасияталъул кинабго лъикIабщинаб гIажаибго цокIалго чорхолъ бессарав чи вукIана Суракъат гьитIинаб мехалдаса нахъего.

ГIумру цадахъ аниги, дида бихьичIо гьанивни гьав тохлъанин ккараб жо бицунеб хабаралъулъ яги гьабулеб гIамалалъулъ. Аллагьас лъикIаб сахлъиги гьединабго чIаголъи бугеб ракIги кьун букIана гьесие. Гьаб ахираб заманаялъ магIишаталда хадур лъугьиналъ гIадамазулъ лъугIун унеб гIаданлъи-яхIалъул ургъалида вукIунаан гьов. Гьединабщинаб жоялъул пикру гIемер гьабиялъ батила гьесул рекIеда унти ккарабги. Жиндиего зарал кколеб бугониги, гIадамазе лъикIлъи гьабизе щвеялдаса вохун вукIунаан гьев.

ГьитIинаб мехалъго вукIана гьев цIакъ жавабчилъи тIаде босулев чи, цIикIкIун кIвар кьолаан цIалуде. Ниж цадахъ цIалана гьанир росулъ ва КъахIиб школазда, хадуб университеталдаги. Бищун лъикI цIалулездаса цояв вукIана гьев школалдаги университеталдаги. ТIаса-масаго щибго тезе бокьулароан гьосие.

ЖамагIаталъул рохелгун пашманлъи гIахьал гьабизеги тIоцеве вахъун чIолаан. КIудияб чIаголъи гьабуна гьес нижер эбелалъул вац Танкал МухIамад Москваялдаса росулъ вукъиялъе. Кутакалда вохун вукIана Суракъат гьеб иш рагIалде бахъиндал.



Суракъатил гIадал хасиятгIамал гьабун бажаричIониги, гьанжесел гIолохъабазе мех щун буго, гьев инсанас нахъе тарабщинаб лъикIалдаса мисалги босун, метерисеб къоялъул пикру гьабизе. МагIаруллъиялъул яхIги намусги кIоченчIого, жив щиб агьлуялъул, киса щивали ургъун, букIинеселъе ва сверухъ ругезе пайдаяб хIалалъ вукIине бажаризе ккола сахсаламатав бихьинчиясда. ГIун бачIунеб гIелалъ бадибчIвай гьабулеб гуреб мисал босулеб хIалалъ рихьизе бокьила дие нилъер гIолохъаби. КIудияб пашманлъи буго Суракъат нилъгун гьечIолъи. Дагьаб рохелги буго ракIалъе гьесул цIар МахIачхъалаялъул къватIалъе лъеялдаса, гьединго, памятникги лъун, Суракъатил цIар ЦIияб ГIурада школалъе кьеялдаса...

*ХирамухIамад АХБЕРДИЛОВ,*
*гIемерал соназ ГIурада школалъе нухмалъи гьабурав захIматалъул ветеран.*

## Бачунге базаралде Заман хисунин намус!

ТIадегIанасе гуреб
БетIер жеги къуличIеб,
Къадруяб гьидерил бо,
Босе ракIалъул салам!
Си бугел имамазул
Умумул жанир гIураб,
Дунялалда рагIарал
ГIалимзаби рахъараб,
Хочбарил гьунаразул
Нур жеги тIаса инчIеб,
Эркенаб гьидерил бо,
Гьари буго нужеде:
Бачунге базаралде
Заман хисунин намус,
Хадуб гIолеб гIелалъе
Тоге рогьояб мисал.
Умумузул адабги
ЧIахIиязул хIурматги
Ясбер гIадин цIунараб
ЦIар араб гьидерил бо,
ЦIуне яхIги, исламги,
Иманги, гIаданлъиги,
ГIакъиллъиги къвакIиги,
Къабул гьабе дир ахIи!

*Суракъат*

**Суракат АСИЯТИЛОВ:**

***-Что произошло с нами сегодня? Во что превратился сегодня Кавказ? В обиталище грабителей, воров и работорговцев?! Это же ужас и позор!..***

***В Дагестане всегда были сильны позиции ислама. А он запрещает делить людей по этносам, нациям, расам, сеять вражду между христианами и мусульманами. Мусульманин, использующий оружие против мусульманина из-за куска хлеба или клочка земли, - не истинный последователь Мухаммада. Хватит на наш век крови человеческой!.***

# Бокьарав президентгун живго президент гIадин кIалъалаан

Диеги дунго гIадал гIолохъанал нухмалъулезе, нилъер миллаталъул сахазего политиказе камун вуго гъов, гIоларого вуго. Унго-унгояв магIаруласул гIамалги бугев, хасиятги бугев, диналдаги вугев, вацIцIадав бихьинав чи вукIана гъов, мунагьал чурад. Спортсменазе, Дагъисталъул динияб идараялъе кумек букIана гъосул, миллиял суалазда тIасан бокьараб суал бугониги, гъобаги кумек букIунаан гъосул, батIи-батIияб миллатазул къец ккараб бакIалда гьоркьоб рекъел, гьуинлъи гьабизе бищун цере Суракъатихъе унаан кинал-го. Гъосухъ гIенеккизеги гIенеккулаан кинал-го миллатазул гIадамал, хIурматги гьабулаан. Гъос гъодин лъун вукIана живго гIадамаз къимат гьабулеб хIалалда, хIалихьалъи гьабичIого, мекъал жал гьаричIого.

Бихьинаб гIамалги гьабулеб жоги унго-унгояв нилъер миллаталъул чиясул букIана гъосул. Вугевани цоги кIиго-лъабго чи нилъер магIарулазда гъорлъ Суракъат гIадинав нилъер магIаруллъи батIияб букIинаан. Жакъа гъовги анна, Расул ХIамзатовги ана, нилъеца абулел цIар арал магIарулазул гьаван абизе чи хутIун гьечIо. Диеги цIакъ гIемер кумек гьабулаан гъов мунагьал чурадица, вачIараб мехалъ дун гъосухъе гIемер унаан. Дир кIудияв вац АхIмадпаша цIакъ вокьулаан гъосие, гьав бихьинав вас вугин, вацIцIадав вас вугин абулаан Суракъатица, кIалъазеги кIалъалаан гьев вацасухъе, щиб батаниги къваригIараб жо абейин, жинца гьабилин дуе кумекин абун. Ккараб жо бугони, цинги унаан ниж гьесухъе, гьес кумекги гьабулаан. Кинав президент гъове вачIаниги, гъосие батIалъи букIинчIо, бокьарав президентгун живго президент гIадаб даражаялда кIалъазеги кIалъалаан, гъодин суалалги тIуразарулаан гъос.



Нижер спорталъул кIалгIаялда жаниб буго Суракъат гугарулеб мехалъ бахъараб сурат. Спортсменазда гьоркьовги цIар арав чи вукIана гъов, спортсменазе вокьулаан гъов, бихьинаб спортги букIана гъосул, живго Медведьгун речIчIанхъана гъов жиндир заманаялъ, гъосдаса бергьинеги бергьана Суракъат. Нижер гьаниб спорталъул кинаб тадбир бугониги, вачIунаан Суракъат. Кидаго нижеда цадахъ вукIана гьев, нижер кIудияв гIадин. Нижее гIоларого вуго гьев цIакъ. Чанги суалал рукIуна политикиял, нилъерго миллаталъул, гьев вугони гьел суалал цадахъ тIуразаризе бигьалъулаан нижей, гьанже захIматлъулел руго Суракъат гIадал гIадамал аскIор гьечIолъиялъ.

Шамил районалъул жамагIаталде хасаб салам битIила дица. Шамил район дий цIакъ бокьула. Районалъул бетIер Суракъатил МухIамад дир гьудул вуго, нижер цого хIалтIи буго. Цоцазе хIажаталъуб кидаго кумекалъе хIадуралги рукIуна ниж, дие гъовги гъосие дунги. Шамил районалда ругел гIадамал иманги бугел, динги бугел, яхI-намусги цIунарал гIадамал руго. Дие гIемераб кумекги щвана гьездаса. Дие бищун захIматаб, дида данде сахабго хIукумат чIараб заманаялъ Шамил районалъул миллатцояз дие кIудияб кумек гьабуна. Дие гьезда цеве вахъун баркала кьезе рес ккун букIинчIо жеги. Жакъа баркала нужее, Шамил районалъул телевидениялъул нухмалъулезе дихъе рачIаралъухъ, жамагIаталъе баркала загьир гьабизе дие рес кьуралъухъ, дие кумек гьабуралщиназе. МагIарулазул культурный централъул нухмалъиги гьабула дица (автономиялъул).

Дица МухIамадилгун данги бан буго районалде вачIине, культурный централъул председательги лъун, щибаб росулъ гьединал председателалги лъун, магIарулазул цолъи гьабизе. Нилъерго культура бихьизабизе, Шамил имам гIадал, Суракъат гIадал, Расул ХIамзатов гIадал цIар арал аваразул бицине, гъозул цIарал цIунизе, цIи гьаризе, кIочене течIого, нилъер цIиял гIелазда гъол лъазаризе.

Автономиялъул мурадги буго магIаруллъи цолъизаби. МагIарул районал жал кIкIаралалин, гIандалалин, дидоял, цезалин батIа тIезе течIого. Гьеб жо абулел чагIи руго провокаторал, районалда жанир ругел жамагIатчагIаца абуларо гьедин. Гье-



динал провокациял гьарулареб хIалалъ цолъизе къваригIун руго нилъее. Цолъун ругони, нилъерго миллаталъул гуребги, цогицогидалги миллатазулги суалал тIуразарун, кумек гьабун бажарула нилъехъа.

Законалда рекъонги рекъечIониги, нилъедаго жанибги тIаде рачIаразул г1ахьаллъигунги чIвай-хъвей, кьвагьи гIемерлъун буго. ГIайиб гьечIелги гIолохъаби чIвалел руго, мухIканлъи лъачIого. Нилъецаго гьабичIони, нилъер хъизаналда, тухумалда, миллаталда жаниб гIадлу-низам лъугьунаро. Нижеца гIуцIун бугеб миллаталъул автономиялъул принципиалияб суал буго: салафиталин суфисталин абун магIарулал рикьизе гьечIо гьора, ниж цого хIалада ралагьизе руго, бусурманчи бусурманчи вуго, салафистал суфисталин абун цоцалъ къец гьабизе бегьуларо, гьеб биччазеги гьечIо, гьеб дандеккунгутIи букIунаредахъ гьабулеб жо буго автономиялъул хIалтIиги. Нилъер бищун кIудияб миллат буго Дагъистаналда, нилъеца гьабичIони гIадлу-низам республикаялда, гьеб цогидазги гьабуларо. Нилъгоги цолъун, нилъеца цогидалги миллатазе кумек гьабулеб хIалалъ рукIине ккола. Нилъер президент Путиница абуна: "Русская нация - это сегодня государствообразующая нация", - бугин абун. Гьединабго миллат буго магIарул миллатги Дагъистаналда. Гьеб мисалалъеги босун, ниж магIарулал ругин абун миллатчагIи гIадин рукIинчIого, нилъ магIарулал руго, нилъеда тIадаб буго, гьаниб Дагъистаналда кинал проблемаби ратаниги, гьел проблемаби тIаса рахъизе. Нилъер гIолохъаби чIвачIого тезе, нилъер гIолохъабазе хIалтIи букIинабизе, нилъер гIолохъабазда нилъер культура бихьизабизе, киб битIараб нух бугебали бихьизабизе. Нилъер гIемерал гIалимзаби руго, гьел рикь-рикьун руго, гьел цолъизаризе, бусурбабазул байрамал киназго цадахъ, рикьи гьечIого цого къояз тIоритIизе. Гьединал жал рукIинаредахъ цолъи къваригIун буго. Гьеб киналдаго тIад хIалтIи буго нижер мурад, автономия гьелъие гIоло гIуцIарабги буго. Шамил районалъул жамагIат буго кидаго бихьинаб яхIнамус, дин бугел лъикIал, унгоунгоял магIарулал. Бокьилаан гьез гьаб дир пикру, рагIаби гъваридго, хIакъикъияб къагIидаялъ къабул гьаризе. Нилъее реклама къваригIун гьабулеб жоги гьаб гуро, реклама нилъер гIураб буго, нилъер миллатги лъала, миллаталъул цIар арал чагIиги лъала кинав, щив вугевали. Дидаса бажарараб жо дица сахабго гьабила миллаталъе цадахъ рукIине. Мунагьал чураяв Суракъат гьев вукIана гьадинал суалазе хIажатав, унго-унгояв районалда ва республикаялда къиматги бугев чи. Гъос кумекги гьабилаан дие. МухIамадицаги кумек гьабила дие, дида лъала, гъосулгун кIалъайги букIана, гъовги бихьинав вас вуго, нижер гьудуллъиги буго, вацлъиги буго. Гьари буго сахаздего, магIарулал суфистал салафисталин рикьичIого, магIарулал цолъеян. Дица хIалихьатаб, миллат басралъулеб иш гьабун батани, абеха миллатцоязда. Цониги магIарулазе нич бугеб жо гьабун батани, дица гьаб хIалтIи тIадеги босиларо цо къоялъги.

Автономиялъул хIалтIи хIукуматалда данде гьабулеб жо гуро. Гьаб буго гIицIго нилъер миллат цолъиялъе гьабулеб хIалтIи. Гьалъие кумек гьабун гурони квалквал гьабулев чи гьечIо.

***Сайгидпаша ГIУМАХАНОВ,***
***"Хасавюрт шагьар" муниципалияб гIуцIиялъул бетIер***

**Суракат АСИЯТИЛОВ:**

***- Активное общение с верующими - это демонстрация жизненности нашего закона о религии и свободе вероисповедания.***

***Что же касается отделения религии от государства, то я тысячу раз говорил и готов еще раз повторить, что нельзя отделять душу человека, его мировоззрение от него самого. Но, видимо, еще не наступило время для того, чтобы мы это поняли. У нас время пока только на языке, а в сердце и в мыслях совсем другое - выживание, бизнес, деньги, накопительство. Мы- рабы богатства, а не Аллаха!***

# Гьесулъ букIана ватIаналде кIудияб рокьи

Дагъистан тIоцебе Россиялда, СССРалда рагIизабуразул цояв вуго Суракъат. Нилъер республикаялдагIан гIемерал чемпионал ругеб, спорталъул рахъалъ цебе тIураб цоги республика гьечIо Россиялда.

Суракъат гугаризе вахъараб заман букIана тренировкаби гьаризе цIакъ къанагIат гурони ресал гьечIеб. Гьединго рукIинчIо махщел бугел тренералги. Жиндиего тIабигIаталъ кьураб къуваталдалъун, жиндирго къвакIиялъ, яхI-намусалъ босана Суракъатица доб мехалъ улкаялда бищунго тIадегIанаб спорталъул борхалъи.

Школалда цIалулаго дида рагIун лъалаан Суракъатил спорталъул гьунарал, гьев вихьизе бокьун урхъун рукIунаан гугарулел лъимал, хадув МахIачхъалаялде цIализе вачIиндал гугарулев дида тIоцеве вихьана Суракъат.

ГIадамазул цIакъ тIалаб гьабулев чи вукIана гьев. Цо гугарулеб бакIалда ниж бергьараб мехалъ, аскIовеги вачIун, нижер квералги рачун: "Нуж руго мугIрузул цIумал", - ин гьес абурал рагIаби дида жакъаги кIочон толаро. Доб мехалъ гьел рагIабаз жаниб къуватги, пахрулъиги



кьуна хадурккунисел бергьенлъаби росизе. Хехго тана Суракъатица спорт, гьелдаса дун жеги, жеги пашманлъула. Жакъасел спортсменазе ругел гIадал ресал, квегIенлъаби досул заманалъ рукIаралани, чанги чIахIиял бергьенлъаби Суракъатица росиялда ракIчIола дир.

ГIезегIанго соназ Дагъистаналъул спорталъул министерствоялъе нухмалъи гьабулаго, цIакъ гIемер рихьулаан, дандчIвалаан ниж. Жиндирго рекIелъ бугеб чIаголъи гIадамазухъе кьун, гьезиеги къуват кьолаан Суракъатица. МагIарухъ бугониги шагьаралда бугониги тIоритIулел спорталъул тадбиразе жиндаса бегьараб кумекги гьабулаан гьес.

Суракъатил политикияб рахъги нилъеда бихьанаха. ГьабсагIат абизе бегьула гьев гIадав бажари бугев, гьос гIадин чIванкъотIун рагIи абулев, гIадамазул ракIазулъ бугеб жо парламенталда бицун бажарулев чи гьечIилан. Ругониги, цIакъ къанагIат гурони гьечIо гьел.

Кутакалда тартиб, низам цIунарав чи вукIана Суракъат. Жив цогидаздаса кIудияв чи вугин абун дида жеги вихьичIо гьев цониги нухалъ кивениги кватIун, жинда тIадаб иш рагIалде бахъинабичIого. ЦIакъго ракI кьун гьабулаан гьес иш, цIакъго ракI унтун гIадамазухъги гIенеккулаан гьев.

Нижеда Суракъат гьечIолъи цIакъ лъалеб буго. Дир гIемерал ричIчIуларел бакIал, суалал рукIунаан гьесда дандразе. Гьосда аскIове ун, гьос цIакъ мухIканго, рагIа-ракьанде щун бичIчIизабулаан. Гьес кьураб гIакълуялъ кигIан кIудиябги масъала гьитIинлъун, ракI бигьалъун унаан гьесухъа нахъе.

Дица спортсменазе хасаб данделъи гьабулаан, Суракъатги ахIун. Гьес малъа-хъваял гьарулаан, Дагъистаналъулгун магIарулльиялъул кIодолъиялъул, спортсменазул бергьенлъиялъул кIваралъул бицун. Жиндилъгоги букIана гьесулъ ватIаналде кIудияб рокьи. Гьеб спортсменазул рекIелъе унеб хIалалъ бицинеги лъалаан Суракъатида, хIажатал, гIужда щолел рагIабиги ратун, батIи-батIиял мисалал рихьизарун. Цо нухалъ Ираналда тIобитIулеб дунялалъул чем-



пионаталде цадахъ рилълъун рукIана ниж Суракъатгун. Гьединал чIахIиял тадбиразде щвечIого заманги бан бугоан гьес. КIудияб кумек гьабуна гьеб сапаралда Суракъатица гIицIго магIарулазул, дагъистаналъул гугарухъабазе гуребги, тIолабго Россиялъул командаялъе. ГIолохъаби гIажаиблъун рукIана Суракъатил чIаголъиялда. Цо дагьавниги гугаризе цеве вахъине хIадурлъи гьечIев гIадав васасда кIалъазавулаан нижеца.

Гьес кIиго-лъабго рагIи абурабго, тIубанго батIияб, лъикIаб къагIидаялъул гугари бихьизабулаан Суракъатил малъа-хъвай щварал гIолохъабаз. Гугарухъабаз жидецаго гьарулаан къецазде унеб мехалъ Суракъат цадахъ вачеян. КигIан жавабияб хъулухъалда ва кIвар бугеб ишалда вугониги, дир заман гьечIин, рес гьечIин абураб рагIи гьесдаса киданиги рагIулароан. ГIолохъабазул рахъги ккун бищун цебесеб кьерда эхетулаан цогидазеги чIаголъи кьолеб хIалалъ. КIвахI гьечIев чи вукIана. Дагъистаналъул гIолохъабазе мисалалъе вукIине гIумруялъул нух бихьизабулеб фильм, тIахьал рахъизе ккола. Гьеб букIинаан мисаллъун. ГьабсагIат дагьал руго мисал босизе бакI мустахIикъал гIадамал. ГIелму-лъай цебе тIураб заман бугониги, нилъерго миллияб чIухIи, яхI-намус бачIине ккани, Суракъат гIадал гIадамаздаса мисал босулеб мисалияб материал хIадуризе лъикI букIинаан.

ГIолохъанаб заманалдаса нахъе Суракъатил гIумруялъул нух бихьизабулеб фильм яги тIехь - гьеб лъикIаб мисаллъун букIинаан.

ГьабсагIат нижее гIолев гьечIо Суракъат. ГIемер хабар ккола нижер гьосде депутатазул корпусалда. Эмен вукIана гьов нижер киназулго. Бищунго захIматаб суал ккани, гьоба кин гьоб абизе лъалареб мехалъ, киназго абулаан гьеб Суракъатида абизе кколилан. Гьосулги букIунароан нахъе къай, жиндие гьелдалъун щибниги хабар, зарал щвеялдеги ургъулароан. ГIадамазда рекIелъ бугеб гьес щвезабизе кколеб бакIалде чIваркьун абун щвезабулаан. МагIарухъги шагьаралдаги киса кивего гьев ракIалде щвеялъе хIалтIи гьабуни лъикI букIинаан.

*ШахгIабас ШАГЬОВ*
*СССРалъул спорталъул мастер, педагогикиял г1елмабазул доктор, ДГПУялъул ректор.*

**Суракат АСИЯТИЛОВ:**

***- У меня спрашивают: "Почему у тебя не поломанные уши, как у всех борцов?" я обычно полущутя-полусерьезно отвечаю: "Потому что я никогда и никому не разрешал до них дотрагиваться. Это уши уздена из Гидатля- родины Хочбара и знаменитых на весь мир и вечные времена имамов Газимухамада и Шамиля".***

# Дие гьев камун вуго жакъа..



Суракъат вукIана Дагъистаналъул гвангъараб цIваги, цIаги. Гьев вукIана гIакъилав, Дагъистан бокьулев, магIаруллъи къиматав, нилъер динги, гIадат-гIамалги, тарихги бокьулев, гьеб киналъулго къадру цIунарав чилъун.

Дагъистаналъул спорталъул цевехъан вукIана Суракъат. Гьесдаса мисал нижецаги босулаан. Ниж гIолохъанаб мехалъги чIухIулаан гьесдаса, гьесул гьунараздаса. Гьанже ниж рохун рукIуаан гьесул гIакъиллъиялдаса, къвакIиялдаса ва гьеб кинабго нижее хIажаталъуб кумеклъунги букIана.

Дие гьев камун вуго жакъа Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялда хIалтIулаго гIакълу дандбазе. Гьев вукIана кинабго иш лъалев чи: ХIукуматалъул рахъги, гIаданлъиялъулгун бахIарчилъиялъул рахъги, диналъул рахъги. Гьесдехун бажарулев бихьинчи Дагъистаналда вукIинчIо.

РагIиги гIамалги кидаго бихьинаб букIана Суракъатил. Дагъистаналда Суракъат вокьуларев чи гьечIо, нилъер байрахъулав вукIана гьев.

***МухIамадхан ГIАРАЦИЛОВ,***
***Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат, Олимпиялъул хIаязул чемпион.***



**М. ГIарацилов С. Асиятилов ракIалдещвеялъул турниралда. 2012 с.**

**Суракат АСИЯТИЛОВ:**

*- Каждое утро просыпаюсь с верой в светлый завтрашний день и с желанием сделать все возможное для того, чтобы этот день поскорее настал. А когда бывает невмоготу или на душе тревожно, когда в чем- то сомневаюсь или хочу принять важное решение, - ищу веры, поддержки, понимания, сил в святых для меня местах - еду к высокочтимому мною шейху Саид-апанди из Черкея и в родной Гидатль...*

# Гьесда рекIехъе лъалаан щибаб росулъ ругел лъикIал квешал рахъал

Араб гIасруялъул 50-абилел соназ Дагъистаналъул пачалихъияб университеталда цадахъ цIалулел рукIана ниж Суракъат-гун, гъов -историческиялда, дун- иностранныйялда. Добб мехалъго спортсменазда гьоркьоб кIудияб къадру-къиматада вукIана гьев, щивасе кумекалъе хIадурr-гоги вукIунаан.

Спортсменазе, гьезул цебетIеялъухъ балагьун, гIемер цIалуде кIвар кьечIониги щолаан къиматал. Суракъатие хасиятаб иш букIинчIо гьеб. Гьес цIакъго хIаракат бахъулаан цIализе, лъикIал къиматал росизе. Лъабил къимат бегьулеб букIинчIо гьесие. КинабгIаги тIекълъи, хIалихьалъи хIехьолареб гIамал букIана Суракъатил, жиндилъгоги букIинчIо гьесулъ гьеб гIамал.



Гьидерил тарих чIезабиялъе нижеца гьабулеб хIалтIуеги кIудияб хIаракатчилъи гьабуна гьес. Гьидерил жамгIияб общество гIуцIун хадуб, гьелъул иш цебетIеялъеги гIемераб квербакъана Суракъатица. Гьесда рекIехъе лъалаан гьидерил щибаб росулъ ругел цIикIкIарал чагIи, щибаб росулъ ругел лъикIал ва квешал рахъал. ГIоларел рахъал лъугIизариялъеги нижее цевехъанлъун вукIунаан гьев. Хъулухъалъул ва спорталъул рахъ борцинчIого абила дица, Дагъистаналда вижун ватиларо Суракъат гIадав гIадамазда гъорлъ жуварав, чи ватIа вахъичIого щибаб минуталъ гIадатияб халкъалъе кумекалъе хIадурав, гьедигIанасевго халкъалъе къиматав чи...

*Ибрагьимхалил ГIАЛИЕВ,*
*ТIидиб росдал школалъул директор, Россиялъул мустахIикъав учитель, «Гьидалъ» обществоялъул хIурматияв председатель*



**С. Асиятилов университеталда цIалулел сонал**

Суракат АСИЯТИЛОВ:

*- Я был единственным преподавателем в университете, который в течение 30 лет читал лекции почти на всех факультетах для очников и заочников о великой трагедии и великом подвиге героев Кавказской войны, покрывших неувядаемой славой Кавказ и Дагестан на весь мир и на вечные времена...*

# Суракъатихъе унаан ритIухълъи батичIел



Дагъистаналъул зодихъ кенчIолеб цIвалъун вукIана Суракъат хIакъикъаталдаги.

Гъев кIудияб гIаданлъиялъул инсанасдаса мисал босизелъун нилъер цIиял гIелаз лъазабизе ккола Суракъатил гIумруялъул нух. Гъеб мурадалда гIезегIанго хIалтIи гъабулеб буго нилъер районалъул школазда. Мисалалъе, цохIо МачIада школалъул цIалдохъабаз Суракъатил гIумруялъул нухалъул цIех-рех гъабурал хIалтIабазухъ республикаялъул даражаялда тIоритIарал къецазда ункъо призалъулаб бакI босана. Гъел конкурсазде хIадурлъулаго, нижер цIалдохъаби гIемер дандчIвалаан Суракъатгун. Ахираб 9-10 соналъ МачIада школалъул тарбия-лъай кьеялъул планалда жаниб хасаб бутIа кьун буго Суракъат Асиятиловасул гIумруялъул нух рагъулеб темаялъе. Гъесул "Гидатль, совесть моя и талисман мой" абураб тIехьалда тIасан конференцияби гIуцIула школлъималазе. Гъеб киназго цIакъ лъикI лъазабизе ккараб тIехь буго.

Бищунго бихьинчиясулъ рекъон бихьулеб пикруги, рагIиги, гIамалги цоцадаса батIа тIей гьечIеб хасият букIана Суракъатил. Гъесда аскIоре кумек гьарун унаан ритIухълъи батичIел, хIакимзабаца къварид гьарурал, рес къотIун тIокIалъ ине бакI гьечIел гIадамал...

*Ибрагьим ХIАЖИЕВ,*
*райУНОялъул нухмалъулев, РФялъул мустахIикъав учитель, «Гьидалъ» обществоялъул председатель*

С. АСИЯТИЛОВ СССРалъул ЧЕМПИОН







..Гьанже заманалъул Гьидалъа Хочбар,
Дуе захIмат буго досиялдаса.
Дов цохIо нухалда вухIана цIаялъ,
ЦIадулъ унеб буго дур тIолго гIумру..
*Залпа МухIамадрасулова.*

***

Дагъистаналъул къадру къуркьичIого цIунулев,
Суракъат-хIажи, мунгун буго чилъи, иман-яхI.
Аллагьасе гурони сужда дуца гьабичIо,
Гьединлъидал дур къеркьей-
халкъалъул къеркьей буго.
*Шамил МухIидинов*

* * *

..ГIамал кьучIдасаго кьварараб букIун
Кьуна дуеги цIар мугIрузул цIуман,
ЦIар кибго рагIарав Гьидалъа Хочбар
Гьесулго хасият босарав мунан..
*Майсарат МУХIАМАДОВ*

***

Суракъат, сурукълъигун
Къеркьана мун гIумруялъ,
Зарал гIелин, тIил щайин
ТIекълъигун вагъана мун.
ИчIбетIераб аздаго,
Гьелде борхун дур хвалчен,
Цо-цо бетIер тIурабго
ТIаде лъабго бижула..
*МухIамад Хириясулаев*

***

..Нахъа тарал соналъан
РакI белъизе жо течIев,
Бахчизе такъсир гьечIев,
Нечезе хъатIа гьечIев.
Умумуца малъухъе
Ислам бацIцIад цIунизе
Нилъер байрахъалда тIад
ГIурччинаб чалу ккурав..
*Залму МухIамадова*

***

...МагIарулазул цIиркъил
ТIом ретIарав багьадур
Багьа дур лъалелщиназ
Гьарула Аллагьасда:
Гьав гIадал гIемерлъаги
Вассал Дагъистаналда.
*Наби ГIисаев*



**ДГУялда цIалулеб сонал**

# Нолъ макьу бихьана...

Нолъ макьу бихьана, лъалищ, Суракъат,
Росулъ инсул рокъов вугоан дунго.
Урхъи буссинелъул рагъи рагIалда
ГIодов чIун, рикIкIаде , мугIрухъ валагьун.
Урхъи букIинарищ, гьанже нилъ гьенир
Нагагьал гьалбаллъун лъугьунеб мехалъ.
КъватIиб гIумру тIами къисматлъун карал
КватIулелъул цо-цо росулъе щвезе.
Щибго хисун гьечIо гьале тIабигIат,
ТIугьдузул нуралъулъ гIодорлъабигун.
МугIрузда гугьар бан рехе чвахулел,
Чалухал лъаразул долго бакъналгун.
Рогьалилъ бакъуде куркьбал тIиритIун,
ТIохазде пархелел хIанчIазул тIелал.
ГIаздалал тIогьазде тIадеги рахун,
Зодихъ лълъурдул хъвалел залимал бисал.
Доба цебе рохьил гъварилъудасан,
РагIула гъул-гъуди жанаваразул.
Гьез хIалхьи биххизе гьабурал гIадин,
Гьел-гьал кьурабазда цIумазул гьаркьал...
Цо рекIарав вуго гIурухъан вехе,
НухтIа басандулеб бартигун щолев.
Щивдай, чанахъандай, гIиявехь гурищ
ГIагараб росулъе вуссунев вугев?..
Гьесий нух битIизе кинигин зодихъ
Хъергъу хаду-хадуб буго боржунеб.
БахIарчияб хIанчIил гIамал-хасият
МугIрул бахIарзазулъ бессун букIиндал.
РекIелаб ракьалде рокьи хIалигъун,
ХIикмалъун, хIайранлъун гьедин вукIадго,
Гьале росдал къотIноб бахъана тIваркъи,
ТIикъвабаз ганчIалъан цIаял чирулеб.
Гьадавго рекIарав вугин ккола гьев,
 РещтIана, битIахъе, дир рукъа-рагьдухъ.
Гьобол вач1иналъе баянлъиялъе
Бахъана хъергъудал хъирараб гьаракь.
Къеда дир цересел умумуз чIвараб
МагIида чIолохъжо буго когIолеб.
Чухъидаса нухлул хIур кIутIулаго,
ГанчIил болъоялда лъуна гьес хIетIе.
- Ассалам гIалайкум!
ГIагараб калам,
ГIемераб рагIараб хъвана дир гIинда.
Хъата - масан, хIуралъ данде вахъиндал,
Вугоан ХIасанил МухIамад- гьобол.
Гьес абуна: "Унго, дун аралдаса
 Аралщинал сонал, хисанщинаб мех.
Щиб лъалеб, бегьула гIалагъважаяб
ГIумрудул лахIзатаз кIочонтезеги.
Нижали, рухIаллъун, лъора зобалахъ
Роржунел, роржунел, хIанчIи кинигин.
Росдахъги нужехъги урхъарал, гьале,
Гьаб макьил ригьалда цо-цо рещтIунел...
Гьев гIодов вукIана, гIинтIе бан лъураб
Добго хъурайсингун, жеги хисичIеб.
ЦIудул куркьбал гIадал кьунсрузда гъоркьан,
ЦIа жанисан гIолел берзул сверигун.
Чухъилъанго батIа рахъизе лъалел
Чорбазул кьур-кьури рукьал - курмузда.
Нижер мокърукь чIалу гуллбуз басараб
Гьадабго таманча бугоан рачлихъ.
- ВагIалайкум салам! Кинаб хIикмалъи,
- ХIасанил МухIамад, гьоболлъухъ мун щвей!
- Мехалги соналги свераниги щиб,
Инсан вукIинчIо мун хехго кIочонев.
- Гьебни бигьаяб жо, дунни арав чи,
Унго, кин ругел дол дир гьудулзаби?
Дагъистаналъул цIар цIвабзазулъ хъвалел
Гугарухъабазул хабар щиб бугеб?
Дир гьудул Суракъат, сахав бахIарчи,
Борхун ккураб бетIер кибго даличIев,
КигIанго къуватал къеркьохъабиги
Жал къунин мукIурав магIарул гъалбацI.
ЧIарадисезухъе гьес хъвараб кагъат
-Гьелъий жаваб кьезе, огь, щвечIо дне.
Гьидерил цевехъан, жамагIатазул
Божи гьестIаги тун, дун ине ккана.
Т1елекьа ГIалибег, ГIарациловгун,
 ГIумаханил васал Буртунаялъул.
ГIемерал цогидал, дир ракI батарал,
Дица жал куцарал гугарухъаби! ..
- ХIасанил МухIамад, мун аралдаса,
Унго, цо гIумрудул хиси лъазеан.
Биххараб улкадул чIваднахье ккарал
Чан къисматал гьелъул хьуцIилъ хутIарал!.
Хехаб чвахун цIадалъ бихъинабураб
Ихxалъ босун унеб рищни - къул гIадин,
Къеркьеялъул жангун, къвакIи мукъсанал
Къулкъулаго ана гьелъ цадахъ рачун.
Аммаха цогидал, мунго гIадинал,
МагIарул къебелъухъ лъадари щварал,
"ГIор щун букIадгоян цIул бахъизелъун"
 Чвахxи гьалагалъур лъедон рахъана.
Рахъана гьел цере, гIумрудул нухтIа
ГIакъилго гали лъун ана церехун,
Дур къебелъухъ къвакIи-жан щварал васал:
ХIасан, Абус, Сапин, Саддам гIадинан!..
Дуца гIолилазул гъастIа бакараб,
БиччачIо цIа ссвине ирсий куцараз.
Министр ШагьгIабас, дунялги сверун,
Меседил шапакъат гьезда баркулев!
Гьанже гIемерисел магIарул чагIи
МахIачхъалаялъул хъвай-хъвагIайги щун,
Щивас рекъа - речон бачунеб гIумру,
Амма ракI магIарухъ букIуна даим.
Лъалищ Суракъатгун цо-цо дандчIвала
Дунги АхIмадовги парламенталда.
Депутатазда гъорлъ гьесул чIаголъи,
ГIужда речIчIун унеб чIор гIадаб рагIи.
РагIи абулелъул борхун кколеб квер,
Керен хIалуциндал цо букъулеб зар!
Халкъалъул къварилъи, унти ва бухIи
БухIулеб рекIелъан биччалеб куц гьес!
Гьеб лъала, ГIабдула, гIаданлъи, чилъи
Чангиясе щвечIеб щун буго гьесий.
Гьелъин гьадин дунго нужехъе щведал,
Нилъерго гIадамал ракIалде щолел.
Гьанже дун къокъина къасиго, гьудул,
Къасд бугоан щвезе дир Мугурухъе.
Лъоба хъахIил зодихъ лъазеан урхъи
Хирияб росдахъгун гIураб ракьалъухъ!..
... Макьил хIур бадиса бацIцIине гIадин,
Бакъул чIор бачIана дир гордада чIван.
ЧIаголъи къоялъе лъугьинабураб,
Ноль макьу бихьана, лъалищ, Суракъат!..

**P. S. Шагъаралда гIумру гьабун вугониги магIарул-лъиялъухъ гIащикъав, магIарул калам къиматав, къадруял гIадамазул кIодолъи бичIчIулев инсан вукIана ГIабдула Даганов. Исана гьевги абадиялъего вуссана жиндирго Гьочоб росулъе.Аллагьас Ал-жаналда данделъаги гьев Суракъатгун.**

Суракат АСИЯТИЛОВ:

*- У меня в доме нет и глазки-волчка. Я никогда не спрашиваю: "Кто там?" А открываю двери в любое время дня и ночи и говорю: "заходи, что тебя привело ко мне и что я должен сделать для тебя?" По утрам в любую погоду еду на работу и не оставляю по дороге ни старика, ни женщины с ребенком. Так и живу в этом грозном и грязном мире и ежедневно молюсь Всевышнему, а не богатству.*



# Гьал политиказе хасиятал маскаби гъосул рукIинчIо



Дица тамашалъи гьабулаан, Суракъат Дагъистаналъул парламенталъул саламатаб кIудияб комитеталъул нухмалъулев, хъулухъчи, гIелмиял хIалтIаби хъвалев чи, республикаялъул бокьараб газеталда бахъараб, цIалараб, рагIараб, магIарул миллаталдехун кколеб, политикиял лъугьа-бахъиналда, тарихалда хъатIараб щибаб публикациялда тIасан жиндирго пикру загьир гьабун кIалъалаан телефоналъ. Гьеб букIана Суракъатил магIарулаcул, унго-унгояв патриотасул, магIарул миллаталъухъ ракI унтарав чи хIисабалда, гъолда хадуб халкколев чи хIисабалда миллаталъул тIалаб гьабиялъул гIаламат.

Дие Суракъатил цIакъ бокьулаан гьал политиказе хасиятал маскаби гъосул рукIинчIолъи. Гъосул букIинчIо хъулухъалъ гьитIинавин кIудиявин абун субординалияб дипломатия цIуни, гъол къагIидаби рукIинчIо гъосул. Суракъатида кIвана битIахъе унго-унгояб магIаруласул, гьидалъесул хасият тIалъиялдаги (хIукуматалъул тIадчагIи), сверухъ ругездаги, халкъалдаги къабул гьабизабизе. Гьев вугеб хIалалъ къабулги гьавулаан гIадамаз.

Суракъат вукIана гьаб дида лъалеб 15-20 соналда жаниб Дагъистаналъул политикиябги интеллектуалиябги элитаялда гьоркьов унго-унгояв ва цохIого-цо вугев магIарул рыцарасул , магIарул бихьинчиясул хасиятал цIунарав тIалъиялда вугев чи. Гьел хIакимзабазе хасиятал гIаламатал гуро. ГIемерисел хисула Европаялъул, гIурус къагIидаялде. Суракъатица цIунана ва билизе течIо унго-унгояб магIарул колорит, самобытность.

Цоги дида вихьулаан гьев, цIакъ гIемерал гIадатиял чагIи, хъвадарухъаби, журналистал, цоял учительзаби, цоял актерал, цоял универститеталдаса лъимал нахъе рехарал, цогидал гьенир цIализе лъимал лъезе бокьарал, жинда лъалел, лъаларел гIадамазул тIалабалда. Гьел киналго гIадамал къабулги гьарун, гьезул масъалаби, суалал тIуразарулев вукIунаан Суракъат.

Цойги гIемерал гIакъилал, жиндиего хасиятал гIакъилаб юмор хIисабалда къабул гьарулел абиял тана гъос жиндаго хадур. КигIан гъваридаб магIарул гIамал-тIабигIаталъул чи живго вугониги гъос абулаан Дагъистаналда батIи-батIиял миллатал гьечIилан. Гьаниб бугила цIогьазулги, чIвадарухъабазулги, чиновниказулги, хIел-хIелчагIазулги цо миллат, уздензабазулги, магIарул бахIарчилъиялъулги, къадруялъулги, яхIалъулги роцен биличIеб, умумузул нухги гIадатги цIунараб цоги миллат. Дагъистаналъул парламенталъе цо гугьарги кьун, гъоб жо парламент букIин бихьизабулаан Суракъат гъова жанив вукIиналъ. Шаблонал гIадин лъицаниги тIалаб гьабичIого, цIаличIого дискуссиял, бахIсалги гьаричIого Дагъистаналъул парламенталъ цоцазда тIад кьабулел рукIарал законал Суракъат гьоркьов жуван, жиндиего хасиятаб гвангъараб къагIидаялъ цевеги вахъун, бахIсалги гьарун, обсуждениялги гьарун, Дагъистаналъул шартIазда гьал законаз щиб кьелеб абураб реакцияги бижизабун, гъеб бакI парламенталда релълъинабулаан гьес. Щив камурав магIарулазеян гьикъани, камуна рагьараб хасияталъул, бихьинаб гIамалалъул, къанагIатго дандчIвалеб рахъ - ботIролъги, чорхолъги камилав саламатав магIарулазул бихьинчи, миллаталъе мисаллъун рехсезе мустахIикъав инсан. Гьединавлъун хутIана дир пикрабалъ Асиятилов.

*М. БИСАВГIАЛИЕВ,*
*журналист, "ЛъаратIа", "Миллат" газетазул редактор.*

**Суракат АСИЯТИЛОВ:**

***- В парламенте меня называют дорожником, так как все время выступаю за строительство дорог и против освобождения акул-богачей- от дорожных налогов на их иномарки и большегрузные машины. Месяцами обивал пороги кабинетов "начальствующего состава" и требовал выделить 100 млн.рублей из бюджета республики 2001 года на завершение строительства крайне важных дорожных артерий - Чалда -Карадах, Гимры - Чирката, связывающих горный Дагестан с равнинным. Мои друзья и соратники, с которыми я дружу более 30 лет,- начальник Государственного управления автомобильных дорог РД "Дагестановтадор" Магомед Маллаевич Магомедов и начальник управления Шамильского района Гаджи Гасанов- оказывают мне постоянную помощь и поддержку.***

# ЦӀиял нухал, кьоял Суракъатил баракаталдалъун швана

Дир эбел-инсуе, тIолабго нижер хъизаналъе цIакъ къиматав чи вукIана Суракъат. ЦинагIалзабиги кколаан ниж гьевгун. ГьитIинав чи вугеб мехалъ дида лъалароан Суракъат, лъалаан гьесул кIудияв вац, рази-ракияб ракIалъул, махсара-хочI бугеб чIагояб гIамалалъул инсан, ГIасиятиласул МухIамад. Гьев гIемер щолаан нижер рокъове.

Автодорожный техникумги лъугIун Дагъавтодоралда хIалтIулев вукIана дун. Гьениве МухIамадтIагьирил МухIамадихъе вачIун вихьана дида Суракъат. Дун щив лъилали лъараб мехалъ, гьес абуна техникум лъугIун бегьуларин, институталдаги цIализе кколилан. Гьеб къоялдаса нахъе жиндирго бербалагьиялде восана гьес дун, институталдеги лъугьинавуна. Дагъавтодоралъул нухмалъулезулгун лъикIаб гьудуллъи букIана Суракъатил кидаго. Гьелъги батила нилъер районалдехун гьезул лъикIаб бербалагьи букIараб.



Гьениса районалде хIалтIизе дун вачIаралдаса 25 сон ана. МухIамадтIагьирил МухIамадидаса хадув Дагъавтодоралъул нухмалъуде ккарав МухIамад Маллаевич Суракъатил лъикIав гьудул вукIана. Цевеккун гьел цадахъ хIалтIулел рукIана университеталда. Гьезул гьудуллъиялъул баракаталдалъун, Суракъат вищун хадуб нухал рахъиялъул, кьоял раялъул рахъалъ гIемераб хIалтIи рагIалде бахъана нилъер районалда. Хасго гIемераб хIалтIи гьабуна къелдерил мухъалда. Гьениб гуребги гIемерал чIахIиял, чара гьечIого халкъалъе хIажатал хIалтIаби гьаруна. Гьезул цIикIкIарасеб бутIа Суракъатил баракаталдалъун гьабуна. ЦIакъго кIудияб кумек щвана дие гьесдаса чанго районалъе хIажатаб ЧIалда-Къорода нух бахъулаго. ГIемерал квалквалал рукIана гьеб нух бахъулаго.



Щибаб гьединаб хIалтIи рагIалде бахъарабго, гьеб къабул гьабулеб комиссиягун, Дагъавтодоралъул нухмалъулелгун цадахъ магIарухъе живгоги вачIунаан Суракъат.

Киналго сах-саламатал гIолохъабазе мисаллъун, байрахълъун вугев чи вукIана гьев. Гьев гIадин бокьарав хIакимасде нуцIаги рагьун тIаде унев, нахъе къай гьечIого рагIи абулев чи магIарулазул цоги вугин абизе кIоларо дида... Заман арабгIан жеги цIикIкIун лъала нилъеда гьеб камиялъул кIодолъи...

*ХIажи ХIАСАНОВ,*
*районалъул нухазул управлениялъул начальник.*

**Суракат АСИЯТИЛОВ:**

*- Хочу обратиться ко всем имамам, чтобы они в своих пятничных проповедях в мечетях не забывали называть имена людей, которые нарушают нравственный климат в своем селе и в республике, чтобы они в своих проповедях внушали своим прихожанам идеи о несовместимости религиозной морали с безнравственным поступками. Отцы наркоманов, рэкетиров, киллеров не должны занимать никаких должностей ни в селениях, ни в районах, ни в городах республики.*

# Мурад тIубачIого чи нахъ вуссунароан



Дида Суракъат гIагардегIан лъана дин гьабизе биччараб заманаялъул байбихьуда. Жеги динияб идараги гIуцIичIеб заман букIана гьеб. ДагIват гьабизе хьвадулаан ниж росабалъе. Дин цIакъ загIиплъараб заман букIаралъул доб, гIадамалги согIлъун рукIана гьелдаго цадахъ. Гьединаб мехалъ вагIза-насихIат гьабулел нижееги камулароан ракI унтулеб рагIи бицунев чи, амма хIал лъазе течIого нижерго иш гьабулел рукIунаан.

ГIолохъанаб хвел ккун ГIураде щун рукIана зигараялъ, гьениб гIемераб жамагIатги бакIарун батун, вагIза гьабуна нижеца, гьенив аскIов вукIана Суракъат. Гьесул хIакъалъулъ цебеккунги лъикIаб гурони хабар рагIун букIинчIо. ГIурада исламалъул центр букIараб бакIги бугин, жамагIаталда ислам цIи гьабиялъул бицун цо-чанго рагIи щай абуларебин абуна дица гьесда. Гьагъаб бакIалда вахъун лъикIаб вагIза гьабуна Суракъатица, нилъеца гьаз абурабги гьабизе кколин, дин-исламги цIи гьабизе кколин абун. Гьагъаб къоялдаса нахъе исламалъе кумек гьабулевлъун, идараялдаги нахъа чIун, щиб кканиги къваригIаралъув ватулевлъун лъугьанаха. ТIоцебе Дагъистаналъул динияб идара гIуцIараб мехалъ гьениб букIана миллатчилъиялъулаб цIацIакъакъай, гьеб мехалъги мугъчIваялъе вукIана нижее Суракъат. ХIежалдеги цадахъ ккун рукIана ниж, кинабго рахъалъ хIажизабазе хIалае ватулаан гьев доваги. Нижер къелдерил гIадамазулги гIемер хIажалъи кколаан Суракъатихъе, мурад тIубачIого гьесухъа чи нахъги вуссунароан. Нижер къелдерил мухъалда кьоял-нухазул рахъ захIматаб букIана кидаго. ЦIиял кьоял разе, росабалъе шагьранухал рахъине, гIатIид гьаризе кIудияб чIаголъи гьабуна нижее Суракъатица. ПалхIасил, Суракъатица исламалда данде кколел законал рахъиялъулъ ва жамгIияб ишалъулъ загьираб, лъикIаб лъалкI нахъе тараб бутIа лъуна. Жиндир бугеб лъайги бажариги, добе-гьанибе цIан гуреб, халкъалъе пайда кьолеб хIалалъ хIалтIизабуна. Аллагьас хIал чIахъаги гьесул, мунагьалги чураги, ахиратги лъикIаб кьун батаги.

*ГIусманхIажи ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ,*
*Къелеса гIалимчи.*

**Суракат АСИЯТИЛОВ:**

*- Овцеводство, садоводство и народные промысли -это то, чем занимались горцы во все времена. И если не возродить эти отросли, то отток горского населения, особенно молодежи, из горных районов на равнинную часть Дагестана и в города увеличится. Горец, оторванный от традиционного места проживания, уже не горец. Он теряет все то, что вызывало восхищение у так называемых "цивилизованных народов".*

# Унго-унгояв векьарухъан



ГIемераз мугъ чIвалеб, лъидаго кьуризабизе кIолареб чармил кьуру гIадав чи вукIана Суракъат.

Киназдаго лъала гьев къуватав спортсмен, бажари цIикIкIарав политик хIисабалда. Амма гIемеразда гуро гьев лъалев вукIарав росдал магIишат бокьулев унго-унгояв векьарухъан хIисабалда.

Цо нухалъ командировкаялъ унаго, ЦIияб ГIурада жиндирго ахикь ватана дида Суракъат гъутIби кIурулев. Дунги росдал магIишаталъул хIалтIухъан вугелъулха, кинандай гьесухъа гьеб иш лъугьунебин абун хал гьабуна дица, кигIан махщел бугев агрономасдасаги лъикI гьабулеб бугоан Суракъатица гьеб иш. Дица гIажаиблъи гьабидал, гьес абуна жиндие ахихъанлъи гуребги хурухъанлъиги, гIи-боцIухъанлъиги бокьулин, бажарухъе гьеб хIалтIизабизеги хIаракат бахъулин. Суракъат депутатлъиялдаса гIодов чIараб мех букIана гьеб. Цо жиндир магIишат бихьизе ва гьелъие къимат кьезе вилълъаян вачана гьес дун цоги нухалъ. БитIахъего абуни, цо лъикIаб СПКялдаса нахъе ккечIеб рекьулел, бачIин бакIарулел ракьал, махщалида хъулухъ гьабун гIезарулел гIачи-бачалги ругеб лъикIаб магIишат батана дида Суракъатил. Жив гьанже фермер лъугьун вугин абуна гьес. ХIакъикъаталдаги росдал магIишатги бокьулев, унго-унгояв векьарухъан вукIана гьев. Парламенталда вукIагоги, кинабго эркенаб заман ЦIияб ГIурада бугеб жиндирго магIишаталда тIамулаан гьес.

Суракъат пенсиялде арав цIикIкIарав чи вукIанин абизе кIоларо дида, хIалхьиялда чIолеб ракIалъул чи вукIинчIо гьев. ГIумруялъул ахирисеб къо щвезегIан гIадамазе лъикIлъиялъе гьабулеб иш гьоркьоб къотIизе течIо гьес.

КигIан сонал аниги, кунчIи сунеб, тIад хIур кколеб цIар течIо Суракъатица нахъе. Нилъеда гьев кIоченаро, кIочене регси гьечIо..

*Ибрагьим МУХIАМАДОВ,*
*РосдалмагIишаталъул управлениялъул нухмалъулев, райадминистрациялъул бетIерасул заместитель.*

**Суракат АСИЯТИЛОВ:**

***- Когда первый раз меня выдвигали в депутаты, Магомед Алхазов из селения Гента сказал мне: "Ты был нашим депутатом всегда и будешь им до конца жизни". Этого я никогда не забуду.***

# Жинда халкъги халкъалда живги вичIчIулев цевехъан



Нилъер магIарул машгьурав гIалимчи, шагIир Инхоса ГIалихIажияс абун буго " ВатIаналъул тIалаб тIобитIулаго, тIерхьарал цIвабзазул цIар кIочонареб", - ин абун. ХIакъикъаталдаги Суракъат тIерхьунареб цIвалъун ккана нилъер халкъалъе, магIарулазе. Гьев вукIана жинда халкъги халкъалда живги вичIчIулев цевехъан.

ГодекIанив вихьаниги, школазде вачIун вихьаниги, вузазул кIалгIабахъ вугониги, гьесда сверухъ гор гьабун ракIарун рукIунаан гIадамал. Суракъатица бицунеб хабарги букIунаан чIахIиялги, гIисиналги, руччабиги гIенекизе бегьулеб магIнаяб, киназего мунпагIат бугеб.

Верховный советалде депутатлъун вищулеб мехалъ, нижер жамагIатгун дандчIвазе вачIун вукIана Суракъат. МагIарухъ цIикIкIараб ригьалъул гIадамалгун гьедин гIодобе биччараб хабаралда гIодов чIезе щвечIого гIезегIанго заман букIанинги абун, цIакъ вохун вукIана гьев. КIиго-лъабго сагIаталъ халатбахъана доб мехалъ нижер дандчIвай. Депутатлъун гьев вищилалдего дица абун букIана Суракъатица 18 сон баралдаса нахъе росдал гIадамазе, гьидерие ва щивав гьесде хIажалъи ккарав чиясе гьев халкъияв депутат вугилан. Нижер жамагIаталъе гьев вукIана кидаго хиси гьечIев депутатлъун. Советияб хIукумат бихханалдаса нахъе гIадамазул пикру хисана, киназдего бахараб унтилъун ккана бечелъи, магIишат, хъулухъ тIалаб гьабиялъул унти. Гьеб унти Суракъатица аскIобе къазе течIо. Кинаб даражаялъул чагIи жиндир умумул рукIун ратаниги, гьеб даража ккуна гьес. Гьев гIадал хIакимзабазул чIаго алжан жаниб чIезе гьарурал кIалгIаби ратила, Суракъат вуссун вукIана гIадатияб, хIукуматалъ кьураб секциялда жаниве.

Цебе заманалъул цIар рагIарав бечедав чи Парзулас васият гьабун букIун буго, жив молодалъун вукъизе унеб мехалъ, жиндир кверал молодаса далун тейин хабалъе чIорого унел рукIин гIадамазда рихьизеян. Гьелдалъун нилъеда бичIчIизе ккола гьаб дунялалда магIишат аслияб жо гуреблъи, аслияб жо буго РухIияб рахъ. Суракъатица гьаб дунялалда тана бечедаб РухIияб ирс, бихьинчилъи, ритIухълъи.

*МухIамад АЛХАЗОВ,*
*ГьентIа школалъул мугIалим.*

**Суракат АСИЯТИЛОВ:**

***- Испокон веков в Дагестане существовали культ родителей, уважение к старшим. Почтительное отношение к старшим было основой горской и мусульманской этики поведения. А что происходит сегодня? Разве это дело, когда по городу каждое утро и каждый вечер под звуки сирен колонны машин сопровождают на работу и обратно государственных чиновников и "новых дагестанцев", "докторов" всевозможных наук, получавших образование в университетах за колючей проволокой?***

# ХIурматги хинаб бербалагьиги дилъ абадиялъго хутIана



Суракъатил хIакъалъулъ дида цIакъ цебего, гьитIинаб мехалъго рагIун букIана. Гьесул хIакъалъулъ гIемер бицунаан дир эмен МуртазагIалил МухIамадица. Гьевги Суракъатги гIемерал соназ цадахъ хIалтIана университеталда. Инсуе цIакъ вокьулаан гьев. Унго-унгояв магIарулав, яхI-намус бугев чи вугилан абулаан инсуца. Гьелдаго хадуб гьес рекIинабулаан, цо партизанлъиги бугилаха гьесулъилан. Живго Суракъатиеги вокьулаан дир эмен. Гьев гIадинав яхI-намус бугев инсан магIарулазда гьоркьов жинда гIемер лъаларилан абулаан гьес. Суракъатилги дирги лъай-хъвай ккана 80-абилел соназул ахиралда. Гьелдаса нахъе нижер лъикIаб гьоркьоблъи букIана. БатIаго дун гьесул гьудул вукIанилан дида абизе кIоларо. Амма гьесдехун букIараб хIурматги хинаб бербалагьиги дилъ абадиялъго хутIана. Дида ккола Суракъатилъ загьирлъун букIанин гьидерил чиясул киналго лъикIалщинал рахъал: рагьараб ракI, сахаватлъи, бадибе рагIи аби, хIалихьалъи хIехьонгутIи, гьудул-гьобол хиралъи, иман букIин, гьединго, жиндирго ватIаналде, миллаталде гIурхъи гьечIеб рокьи. Гьеб асаралъе гIоло рухI кьезе хIадурав вукIана гьев мунагьал чурад. Дие кидаго кеп щолаан Суракъатица рахьдал мацI бицунеб мехалъ. Цо батIияб гугьар букIана гьелъулъ. Дица цо нухалъ абуна гьесда, я Суракъат, дуца я гIурусалъ гурин бицунеб, я магIарулалъ гурилан. Жив вокьулевщиназда жиндир мацIги бичIчIулилан, жаваб кьуна гьес. Суракъатил гIумруги гьесул цIарги абадиялъ хутIила гьев лъалевщинасул рекIелъ. Хасго жакъа бихьулеб буго гьев ва гьесда релълъарал васал цIакъ хIажат рукIин нилъер халкъалъе.

*АхIмад МУРТАЗАГIАЛИЕВ,*
*филологиял гIелмабазул доктор*

# ИСАНА СУРАКЪАТ АСИЯТИЛОВАС ТIУБАЛААН 80 СОН













**ХIурматиял цIалдолел, гьаниб дие бокьун буго "Гьидалъ" обществоялъул председатель Ибрагьим ХIажиевасе ракI-ракIалъ баркала загьир гьабизе газеталъул гьаб номер къватIибе биччазе, материалияб рахъалъул ургъел тIаса босиялъухъ.**

***Редактор***

Редактор
ПатIимат ГьитIинова

Адрес: Шамил район, ХIебда росу, Шамилил къватI, Администрациялъул мина.

Электронный адрес:
patimat-gitinova@mail.ru
тел.: (8-907)22372

Газета къватIибе уна лъабго моцIида жаниб цо нухалъ

Заказ №
Тираж 999 экз.